

## **Dongeng Bahasa Sunda " Si Kabayan Dicukur"**

si kabayan teh kandulan pisan. ari kandulan teh jahe=jago he-es (beuki sare), teu kaop nyangkere atawa nyarande sok ker wae kerek.

sakali mangsa si kabayan teh di cukur. di cukurna handapeun tangkal gede disisi jalan supratman. ari tukang cukur teh ruruntut dalang, tadina hayang jadi dalang tapi teu kataekan, kalah jadi tukang cukur. teu wudu payu nyukurna teh da eta ari nyukur sok bari ngadalang.

si kabayan ti barang gek diuk dina korsi panyukuran geus lelenggutan wae nundutan. saperti biasa tukang cukur teh ari ceg kana gunting jeung sisir tuluy wae ngabuih... ngadalang, pok na teh.... "tah kacatur keun di nagara alengka, rajana jenengan Dasamuka.... ari dasa hartina sapuluh... ari muka eta hartosna beungeut atanapi raray... ". si kabayan nu keur ngalenggut ngarasa ka ganggu ku nu keur ngadalang, bari heuay si kabayan nyarita "pondokeun wae mang..." trek-trek tukang cukur teh ngaguntingan buuk si kabayan bari pok deui... " ari geus kitu... eta Dasamuka teh bogoh ka dewi Sinta, geureuhna sri Rama... " "pondokeun wae mang..."ceuk si kabayan nyaritana selang seling antara inget jeung heunteu bakating ku tunduh, teu lila reup deui sare..... lilir sakeudeung, tukang cukur teh keur ngadongeng keneh, .." urang tunda dewi Sinta nu keur di Alengka, sabab di paling ku Rahwana.... caturkeun sri Rama...." si kabayan asa ka ganggu sarena terus nyarita bari lulungu "pondokeun mang...."....terus reup deui peureum. trek..trek tukang cukur ngaguntingan buuk si kabayan bari nuluykeun ngadongengna. ari tiap si kabayan lilir, tukang cukur teh keur ngabuih keneh wae ngadalang, tapi ari leungeunna mah tetep teu eureun-eureun ngaguntingan buuk si kabayan. si kabayan keuheuleun pisan sabab sarena kaganggu ku sora tukang cukur, nu sakapeung sok ngagerem nurutan sora buta atawa ngajerit nurutan sora dewi sinta basa di paling ku Rahwana... antukna si kabayan ngambek ka tukang cukur bari nyarita " ceuk aing ge pondokeun...pondokeun..." tukang cukur nembalan "dipondokeun kumaha ieu geus lenang kieu.." ari ret si kabayan kana eunteung enya wae sirahna geus gundul teu sa lembar-lembar acan, puguh wae si kabayan teh ambek "nu dipondokeun teh dongeng maneh lain lain buuk aing..." si kabayan morongos, tukang cukur nembalan bari nyentak "bongan sorangan, naha atuh sare wae batur di gawe teh, lain nuhun di embohan ku dongeng teh..." ngan hing wae si kabayan teh ceurik bakating ku handeueuleun jaba ari balik ku barudak di poyokan bari di abring-abring "... penjol....penjol...."

**Nama : Meilida**  
**Kelas : 4.D**

## **Dongeng bahasa sunda si kabayan ngala nangka**

Si Kabayan dititah ngala nangka ku mitohana. “Nu kolot ngala nangka téh, Kabayan!” Ceuk mitohana. Kencling Si Kabayan ka kebon, nyorén bedog rék ngala nangka. Barang nepi ka kebon, Si Kabayan alak-ilik kana tangkal nangka. Manggih nu geus kolot hiji tur gedé pisan. Tuluy waé diala. Barang dipanggul kacida beuratna.

“Wah, moal kaduga yeuh mawana, “ pikir Si Kabayan téh. Tuluy wé nangka téh ku Si Kabayan dipalidkeun ka walungan. Jung waé balik ti heula, da geus kolot ieuh!” ceuk Si Kabayan téh nyarita ka nangka.

Barang tepi ka imah, Si Kabayan ditanya ku mitohana.

“Kabayan, meunang ngala nangka téh?”

“Komo wé meunang mah, nya gedé nya kolot,” témbal Si Kabayan.  
“Mana atuh ayeuna nangkana?” Mitohana nanya.

“Har, naha can datang kitu? Apan tadi téh dipalidkeun dititah balik ti heula, ceuk Si Kabayan téh.

“Ari manéh, na mana bodo-bodo teuing. Moal enya nangka bisa balik sorangan!” Mitoha Si Kabayan keuheuleun pisan.

“Wah nu bodo mah nangkana, kolot-kolot teu nyaho jalan balik,” ceuk Si Kabayan bari ngaléos.

**Nama : Tiara Febrianti**  
**Kelas : 73**